दिन– रविवार दिनांक–01.06.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

ऑपरेशन सिंदूर मे आतंकवादक खिलाफ भारतक सैद्धांतिक आओर दृढ़ रूख स्पष्ट करबाक लेल संसदक सात सदस्य लोकनिक सर्वदलीय शिष्टमंडल कतेको देशक दौरा पर छथि। शिष्टमंडल कोनो तरहक आतंकवाद के बर्दास्त नहि करबाक भारतक संकल्पक कड़गर संदेश दऽ रहल अछि। जदयू सांसद संजय कुमार झाक अगुवाई में सर्वदलीय शिष्टमंडल इंडोनेशियाक यात्राक संपन्न भेलाक बाद आइ मलेशियाक कुआलालम्पुर गेलाह। शिष्टमंडल मलेशियाई मंत्री, सांसद–सदस्य, शिक्षाविद, मीडिया आओर भारतीय समुदायक लोक सभ सँ सेहो भेंट–घाट करताह। एम्हर, भाजपा सांसद रविशंकर प्रसादक अगुवाई मे सांसदक शिष्टमंडल लंदन पहुंच गेल छथि। ई प्रतिनिधिमंडल ई मासक तीन तारीख धरि ब्रिटेनक यात्रा पर रहताह।

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह जनौलनि अछि जे केन्द्र सरकार आपराधिक न्याय प्रणाली मे फोरेंसिक साक्ष्य आधारित दृष्टिकोण के प्राथमिकता दऽ रहल अछि। श्री शाह कोलकाता मे नव केन्द्रीय फोरेंसिक विज्ञान प्रयोगशाला भवनक उद्घाटन कयलाक बाद सभा के संबोधित कऽ रहल छलाह। अट्ठासी करोड़ टाकाक लागति सँ बनल ई प्रयोगशाला सँ पश्चिम बंगाल आओर बिहार सहित पूवोत्तर क्षेत्रक राज्य के लाभ होयत।

---

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक प्रमुख आओर केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान विधानसभा चुनाव में कोनो आनारक्षित सीट सँ चुनाव लड़ि सकैत छथि। पार्टीक वरिष्ठ नेता आओर जमुईक सांसद अरूण भारती सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे ई जनतब देलनि। श्री भारती जनौलनि जे ई पार्टीक नेता आओर कार्यकर्ता सभक इच्छा छनि। एकर पुष्टि पार्टीक मुख्य प्रवक्ता राजेश भट्ट सेहो कयलनि अछि।

---

राजस्व आ भूमि सुधार विभागक मंत्री संजय सरावगी आइ पटनाक दानापुर मे विभागीय कॉल सेंटरक शुभारंभ कयलनि। लोक सभ आब टॉल–फ्री नंबर– एक आठ शून्य शून्य तीन चारि पांच छओ दू एक पांच पर कॉल कऽ कऽ दाखिल खारीज, जमाबंदी आओर आनो–आन राजस्व सँ जुड़ल मामिलाक जनतब लऽ सकैत छथि। ई सुविधा तीन जून सँ शुरू भऽ जायत। एहि मौका पर श्री सरावगी जनौलनि जे ई–कॉल सेंटर सरकारक डिजिटल मीशन के आगां बढ़ेबाक लेल एक बढ़ियां असरिबला ढेग अछि। ओ जनौलनि जे एहि सँ दूर–दराजक लोक सभक राजस्व आ जमीन सँ जुड़ल जनतब आओर शिकायतक समय पर समाधान होयत।

———————————————————————

अगिला विधानसभा चुनावक तैयारी तेज गति सँ चलि रहल अछि। निर्वाचन आयोग ई.वी.एमक फर्स्ट लेवेल चेकिंगक काज राज्यक चौदह जिला मे पूरा कऽ लेलक अछि। आयोग एखन धरि किशनगंज, सहरसा, पूर्णियां, बांका, दरभंगा आओर पटना मे एफएलसी काज पूरा कऽ लेलक अछि। संगहिं, नालंदा, बेगूसराय, सारण, सीतामढ़ी, अररिया, शेखपूरा, खगड़िया आओर पूर्वी चंपारण मे सेहो ई.वी.एमक फर्स्ट लेवेल चेकिंगक काज पूरा भऽ गेल अछि। आयोग अनुसार आनो–आन जिला मे ई काज सेहो चलि रहल अछि।

———————————————————————

पटना हवाई अड्डा सँ आइ गुवाहाटी आओर हैदराबाद लेल दू जोड़ी नव उड़ान शुरू भऽ रहल अछि। एयर इंडियाक फ्लाइट पटना सँ गुवाहाटी लेल साँझ तीन बाजि कऽ पैंतालीस मिनट पर उड़ल आओर पटना सँ हैदरा बाद लेल राति नओ बजे उड़ान भरल जायत। संगहि पटना हवाई अड्डा सँ एयर इंडिया एक्सप्रेसक उड़ानक संख्या बढ़ि कऽ एगारह भऽ गेल अछि।

———————————————————————

पछिला चौबीस घंटाक बीच प्रदेशक पूर्वी आओर उत्तरी–मध्य क्षेत्रक संग–संग उत्तर–पश्चिम क्षेत्र मे किछु ठाम हल्लुक सँ मध्यम बारीश भेल अछि। मौसम विभागक अनुसार दरभंगाक कुशेश्वर स्थान मे सभ सँ बेसी सैंतीस दशमलव दू मिलीमीटर बरखा भेल अछि। विभाग जनौलक अछि जे चारि जून धरि सीतामढ़ी, दरभंगा, किशनगंज, कटिहार, पूर्वी आओर पश्चिमी चंपारण जिला मे किछु ठाम बारीश भऽ सकैत अछि। एहि बीच तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ अन्हर–बिहारि सेहो चलि सकैत अछि।

———————————————————————————————

राज्य सरकार नालंदा जिलाक कल्याण विगहा मे खाली पड़ल जमीन पर पचीस मीटर आओर पचास मीटरक शुटिंग रेंज बनेबाक लेल स्वीकृति दऽ देलक अछि। उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे ई बनेबा पर चौबीस करोड़ एकैस लाख संतानवे हजार टाका खर्च होयत। श्री चौधरी जनौलनि जे नव शुटिंग रेंज बनला सँ अभ्यास करबाक लेल खेलाड़ी सभ के कतौ बहार नहि जाय पड़लनि। ओ जनौलनि जे ई रेंज पूर्वी आ पूर्वोत्तर भारतक पहिल पैघ आओर आधुनिक सुविधायुक्त शुटिंग रेंज होयत।

———————————————————————————————

नेपालक पहाड़ी क्षेत्र मे भऽ रहल भारी बरखा सँ प्रदेशक कतेको नदी उफान पर अछि। किशनगंज मे कनकई, बढ़ी कनकई, रेतुआ, गोरिया आ अररिया मे नूना, बकरा आओर मुजफ्फरपुर मे बागमती नदी उफान पर अछि। बागमती नदीक जलस्तर तेज गति सँ बढ़ि रहल अछि। कतेको क्षेत्र मे बाढ़िक खतरा बढ़ि गेल अछि। एम्हर, कोसी क्षेत्र मे बाढ़िक खतरा के देखैत जलसंसाधन विभाग अभियंता आओर कर्मचारी सभक छुट्टी रद्द कऽ देलक अछि।

———————————————————————————————

समाप्त